XXX-санлы ис Судья: Г.Ешназарова

**У Й Ғ А Р Ы Ў**

(суд тапсырмасын орынлаў ҳаққында)

**Нөкис қаласы 2023 жыл 22 сентябрь**

Қарақалпақстан Республикасы судының экономикалық ислери бойынша судьясы Г.Ешназарова, судья аға жәрдемшиси Ю.Аминбаевтың хаткерлигинде, жуўапкер жәмийет баслығы С.Уразымбетовтың қатнасыўында, Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судының «XXX» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине суд ҳүжжетлерин тапсырыў ҳаққындағы суд тапсырмасын орынлаў мәселесин Қарақалақстан Республикасы суды имәратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып,

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

«XXX» жуўапкершилиги шекленген шериклиги «XXX» жуўапкершилиги шекленген жәмийетинен 64 712 759 (алпыс төрт миллион жети жүз он еки мың жети жүз елиў тоғыз) тенге қарыздарлығын өндириў ҳаққындағы даўа арзасы менен Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судына мүрәжат еткен.

2023 жылдың 11 июль күни жуўапкердиң электрон мәнзилине хабарнама жиберилген ҳалда әпиўайыластырылған (жазба) өндирис тәртибинде пуқаралық иси қозғатылған.

Сондай-ақ, 2023 жылдың 12 июль күни Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық суды даўа арзасын әпиўайыластырылған (жазба) тәртибинде өндириске қабыл етиў ҳаққындағы 2023 жыл 11 июль күнги уйғарыўын ҳәм даўа арзасы нусқасын тапсырыў ҳаққындағы суд тапсырмасын Өзбекстан Республикасының ўәкилликли судына жибериў туўрысында уйғарыў шығарған.

Соның менен бирге, Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық суды 2023 жылдың 12 июль күнги уйғарыўы менен усы судтың 2023 жыл 11 июль күнги уйғарыўын орынлаўды, яғный Өзбекстан Республикасының ўәкилликли судына «XXX» жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң даўа суммасы, жәми 64 712 759 тенге муғдарындағы мүлкин хатлаў туўрысындағы процессуаллық ҳәрекетлерди әмелге асырыў тапсырылған.

Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судының суд тапсырмалары ис жүритиўге қабыл етилип, бул ҳаққындағы уйғарыў Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 127-статьясына тийкар белгиленген тәртипте жуўапкерге жиберилген.

Суд мәжилисинде жуўапкер жәмийет баслығы екенлигин билдирди.

Суд жуўапкер жәмийет баслығын тыңлап төмендегилерге тийкар суд тапсырмасын орынлаўды лазым деп тапты.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң (кейинги орынларда ЭПК деп жүритиледи) 247-статьясының биринши бөлимине муўапық айырым процессуал ҳәрекетлерди орынлаў туўрысындағы суд тапсырмалары Өзбекстан Республикасы экономикалық суды айырым процессуал ҳәрекетлерди орынлаў туўрысында Өзбекстан Республикасының ҳалықаралық шәртнамасында яки нызамда белгиленген тәртипте шет мәмлекетлер судлары тәрепинен өзине берилген тапсырмаларды (шақырыў қағазларын ҳәм басқа ҳүжжетлерди тапсырыў, жазба дәлийллер алыў, экспертиза өткериў, орынды көзден өткериў ҳәм басқа) орынлайды.

Киев қаласында 1992 жылдың 20 март күни имзаланған "Хожалық искерлигин әмелге асырыў менен байланыслы даўаларды шешиў тәртиби туўрысында"ғы Питимниң 5-статьясына муўапық келисиўши тәреплердиң ўәкилликли судлары ҳәм басқа мәмлекетлик мәкемелери ҳүжжетлерди жибериў ҳәм усыныў, процессуал ҳәрекетлерди әмелге асырыў, оның ишинде экспертиза өткериў, тәреплерди, гүўаларды, экспертлерди ҳәм басқа шахсларды сораў қылыў жолы менен бир-бирлерине ҳуқықый жәрдем береди.

ЭПК 92-статьясының биринши бөлимине суд тапсырмасын усы Кодексте белгиленген қағыйдалар бойынша суд мәжилисинде орынланады. Исте қатнасыўшы шахслар мәжилис ўақты ҳәм орны туўрысында хабардар қылынады, бирақ олардың келмегенлиги мәжилисти өткериўге тосқынлық қылмайды.

Бул жағдайда жуўапкер жәмийет баслығы суд мәжилисине келген ҳәм суд тапсырмасында көрсетилген ҳүжжетлерди қабыл етип алыў ўәкиллигине ийе.

Сонлықтан, суд тапсырмаларды орынлаўды лазым тапты.

Жоқарыдағыларға муўапық ҳәм де Киев қаласында 1992 жылдың 20 март күни имзаланған "Хожалық искерлигин әмелге асырыў менен байланыслы даўаларды шешиў тәртиби туўрысында"ғы Питимниң 5-статьясына ҳәм де муўапық Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 92, 247-статьясына тийкарланып, суд

**У Й Ғ А Р Д Ы:**

Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судының суд тапсырмасы орынлансын.

Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судының даўа арзасын әпиўайыластырылған (жазба) тәртибинде өндириске қабыл етиў ҳаққындағы 2023 жыл 11 июль күнги

уйғарыўы ҳәм даўа арзасы нусқасы жуўапкер «ХХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине тапсырылсын.

Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судының 2023 жыл 11 июль күнги «ХХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң даўа суммасы, жәми 64 712 759 тенге муғдарындағы мүлкин хатлаў туўрысындағы уйғарыўы орынлансын.

Уйғарыў орынлаў ушын Мәжбүрий орынлаў бюросы Тақыятас районлық бөлимине жиберилсин.

Усы уйғарыў нусқасы тапсырманың орынланыўын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди қосымша қылған ҳалда Түслик Қазақстан областы қәнигелестирилген районлар аралық экономикалық судына жиберилсин.

**Судья** **Г.Ешназарова**